
BUDAK TEUNEUNG



Samsoedi

BUDAK TEUNEUNG
Karya: Samsoedi

Hak cipta ditangtayungan ku undang-undang
All rights reserved

Penerbit Girimukti Pasaka
Jl. Gumuruh No. 50, Bandung 40275
Télp. 022-7330653

Rarancang jilid: Tim Kréatif Kiblat
Ilustrasi: Agus Mulyana

Nomer: 080/KBU-G/2002
Citakan ka-1, Balé Pustaka, Jakarta, 1930
Citakan ka-2, Citakan ka-3, Pusaka Sunda, Bandung
Citakan ka-4, Sari Buana, Bandung, 1982
Citakan ka-5, Kiblat Buku Utama,
Shafar 1423 H./Méi 2002
Citakan ka-6, Kiblat Buku Utama,
Dzulhijjah 1429 H./Désémber 2008
Citakan ka-7, Girimukti Pasaka,
Muharram 1432 H./Désémber 2010

DISTRIBUTOR:
PT Kiblat Buku Utama
Jl. Gumuruh No. 38, Bandung 40275
Télp./Faks. 022-7330595
Surat-é: penerbitkiblat@yahoo.co.id

Eusina

Jadi Yatim 7
Nandonkeun Baju 13
Maradukeun 18
Telenges 25
Gelut 33
Diajar Maca 40
Sasar Pikir 46
Katangkep 49

JADI YATIM

"Ema, naha ari ka kuring jelema téh tara aya nu nyebut Ujang Warji, ti sainget, kolot-budak nyarebutna téh bet Si Wajit," omong Si Warji ka indungna.

"Ih atuh keun baé nu nyebut kitu-kitu baé mah, da moal matak bohak," jawab indungna.

"Geuraheun, geuning batur mah sok ngambek ari disebut Si téh, komo Asép Onon mah kéna-kéna putra Lurah."

"Naha kumaha kitu?" cék indungna.

"Kuring kamari kasalahan nyebut Si Onon, ujug-ujug gampleng-gampleng baé nampilingan ka kuring. Jol deui batur Onon, Si Begu jeung Si Utun anak Ambu Ijem tukang warung téa, ujug-ujug peletak-peletak baé narékéan. Geura ieu tapakna gé aya kénéh, barenjul kawas tapak diseureud éngang," omong Si Warji bari némbongkeun sirahna ka indungna.

"Éh Ema, naha ari ka kuring mana loba-loba teuing nu ngahina? Lamun kuring ngadeukeutan barudak nu keur arulin, taya saurang-urang acan anu teu ngopénan, aya nu ngawuran ku taneuh ngebul, nu malédog, nu ngadupak, geus puguh anu nyarékan mah, nu nyebut budak kuleuheu téa, budak bau téa ...."

Ngadéngé anakna ngomong kitu, Ambu Warji ngahuleng baé, teu lémék teu nyarék, kawas aya nu dipikiran atawa néangan piomongeun.

Si Warji pok nanya deui ka indungna, "Ema, naha ari kuring teu meunang gelut? Geuning barudak séjén mah ari aya kakeuheul ka baturna téh, sok ger baé garelut, nepi ka aya salasaurang anu éléh. Budak nu meunang gelutna pohara senangeunana, ku babaturanana tara pati diheureuyan teuing. Kumaha ari ka kuring? Beu, ka kuring mah sumawonna budak saluhureun, sahandapeun ogé kacida ngahinana, kacida nguntupna, da nyarahoeun yén kuring tara ngalawan."

"Ih anaking," cék indungna, "jelema mah taya bayana nu sabar."

"Mending ...," cék Si Warji, "geuning karasana ku kuring mah sabar teuing téh pohara dinyenyerina jeung dicacampahna ku batur, sirikna teu nincak hulu baé batur téh."

"Keun baé, da engké ogé mo burung meunang wawales," cék indungna.

"Ih nu matak ..., kamari gé kuring pada nyarékan téh euweuh saurang-urang acan nu manglawankeun, sumawonna nu mangmaleskeun. Engké deui mah mun aya nu harak, ku kuring rék dilawan baé sakédah polah, nya Ma?"

"Is ulah, keun baé ulah kapalang sabar," cék indungna bari cumalimba. "Leuwih hadé misah baé ulinna, ulah campur jeung barudak nu hararak."

"Ah, enya kétah, anggursi rék misah baé ulinna, moal ngadeukeutan batur," cék Si Warji bari tuluy kaluar ti imahna, sarta mawa gégéréléngan kaléng beunang nyieun manéhna pribadi.

***

Ari Si Warji téh budak yatim, umurna 11 taun, ditinggalkeunana maot ku bapana keur leutik kénéh, kira-kira umur dua taun.

Ti samaotna Bapa Warji, Ambu Warji kadua anakna, pohara nandangan sangsarana téh, da enya ogé aya bandana titinggal Pa Warji saeutik-eutikeun, awahing ku ditungtut dijualan, dipaké kaperluan sapopoé, nya lilalila mah béak, ngan kari imahna wungkul numpang di pakarangan batur, kitu ogé nya butut nya leutik, cék babasan téa mah ngan ukur sagedé gondok. Sugan di sadésa Babakan Simpang mah ngan Ambu Warji sorangan nu pangmiskin-miskinna téh.

Sanggeus Ambu Warji teu bogaeun deui barang jualjualeun, manéhna kapaksa usaha sorangan, buburuh tandur, ngarambét, derep atawa buburuh nutu jeung kula-kuli nu énténg ngarah buruhan saduit sapésér.

Ayeuna Ambu Warji geus sababaraha poé teu balangsiar sabab katarajang gering, panyakitna batuk jeung eungap. Enya teu pati parna téa mah, tapi matak buntu laku.

Sanajan Ambu Warji katarajang gering, tapi lamun manéhna nénjo anakna datang ti pangulinan, sok ngadakngadak jagjag jeung pasemonna cénghar, sabab ngan anakna wungkul nu jadi panglilipur kana kalaraanana jeung kana kamasakatanana.

Waktu manéhna ngadéngé caritaan anakna yén pada nganyenyeri ku babaturanana téa, pasemonna ngadakngadak alum, nalangsa taya bandingna. Cék dina pikirna, "Eh, kutan kieu rasana ari nu malarat, geus puguh kolotkolotna ka aing taya nu maliré, ka anak aing tara aya nu miroséa, dalah barudakna ogé sakitu nganyenyerina. Eh, deudeuh teuing anak aing ..... Cacakan mun bapana aya kénéh di kieuna jeung lamun aing aya kaboga, anak aing téh meureun moal dihina-hina teuing ku barudak sasa-

mana. Ari ayeuna pantes pisan rék pada ngahina ogé, da sakitu saré'atna, papakéanana kuleuheu jeung tatambalan, calana mah komo geus rawing teu beunang dikaputan. Tapi kajeun teuing ari ku dihina tina hal papakéan jeung tina kamalaratan mah, da puguh geus sakieu buktina, sakieu sipatna, geuning cék ieu-ieu gé kamalaratan mah moal beunang disumput-sumput, teu cara kabeungharan. Ngan éta baé atuh anak aing ulah pada neungteuinganan, ulah kéna-kéna ka budak yatim jeung malarat. Eh, ... tapi nya dalah dikumaha, da geus kieu milik diri aing, kudu nyorang sedih-prihatin, mo bisa sumingkir deui. Ngan mugi-mugi baé anak aing sing meunang rahmat Pangéran, bisa hirup parok jeung batur, kilangbara bisa jadi jalma utama mah, pimanaeun, atuh ulah nyorang-nyorang sangsara pakokolot, kawas aing."

Sanggeus ngomong kitu dina haténa, Ambu Warji tuluy indit ka dapur rék mirun seuneu rék ngahaneutkeun sangu poé, keur nyadiaan anakna.


Pasosoré waktu Ambu Warji keur ngakeul, jol anakna datang ti pangulinan, bari haruhah-haréhoh, ambekanana ngahégak, sukuna bobolokot ku leutak bari ngomong hariweusweus, "Ya Allah, Ema, Asép Onon putra Juragan Lurah téa cilaka."

"Cilaka ku naon?" cék indungna semu kagét.

"Tigebrus kana sumur burung di kebon awi, ku kuring gancang dihanjatkeun maké tarajé, tuluy digandong dibawa ka bumi Juragan Lurah."

"Naha ku naon sababna nu matak tigebrus kana sumur?"

"Duka teuing kumaha lantaranana," omong Si Warji, "da waktu kuring rék ngala régang awi keur bebedilan, kuring ngadéngé nu haharegungan, panyana kuring nu nyingsieunan, tapi barang disidikkeun manahoréng Asép



Warji nulungan Asép Onon putra Juragan Lurah.

Onon ngaringkuk dina lombang urut sumur nu deukeut dapuran awi. Kawasna mah manéhna téh tadi susumputan jeung baturna, rék nyumput kana dapuran awi, tuluy tigebrus."

Ambu Warji pohara bungaheunana, duméh anakna geus katémbong boga watek beresih haté, daék tutulung ka nu meunang cilaka; padahal Si Warji téh sirahna ogé barenjut kénéh urut pada narékéan jeung ditampilingan ku Onon.

"Tah, piluangeun, ari ulin kudu ati-ati, ulah kéna-kéna resep, mun lalawora deukeut pisan cilakana," omong Ambu Warji.

***

"Lah, ku lapar beuteung téh," cék Si Warji, "geus diakeul éta sangu téh, Ema?"

"Puguh baé," témbal indungna, "pék geura mandi heula ka ditu sing beresih, ambéh ponyo."

Waktu Si Warji balik ti cai tas mandi, nyampak tua kampung keur cacarita jeung indungna, manéhna kagéteun pisan, kawantu saumurna ogé ka imahna mah tara aya nu lumanto. Cék dina pikirna, "Naha aya naon éta tua kampung téh, bet sisinarieun lunta-lanto ka imah aing?"

"Ieu anak Embok téh?" cék tua kampung bari nunjuk ka Si Warji.

"Sumuhun," jawab Ambu Warji.

"Jalu! Déwék téh dipiwarang ku Juragan Lurah, mikeun ieu baju jeung calana lungsuran Asép Onon, lumayan baé euy!" omong tua kampung.

Sajongjongan mah Si Warji teu ngajawab, neuteup baé ka indungna, kawas-kawas ménta dipangjawabkeun.

"Naha sisinarieun teuing Juragan Lurah téh maké maparin papakéan lungsuran?" cék Ambu Warji ka tua

kampung.

"Ih, meureun panarima baé, pédah Asép Onon geus ditulungan ku ieu anak Embok. Da cacakan mun teu katulungan mah, beu, tiwas, meureun Asép Onon moal aya di kieuna."

"Emang, kuring mah nulungan sotéh sanés pisan aya pangarah, wantun disumpahna, teu ngarep-ngarep kana pamulang tarima."

"Édas, lucu euy, budak-budak geus boga pikiran nu sakitu hadéna," omong tua kampung. "Sukur Jalu, bener pisan éta pikiran manéh téh. Tapi sakur jalma anu meunang pitulung ti saha baé, éta perlu mulang tarima atawa nganuhunkeun. Tah, ieu ogé pamulang tarima ti Asép Onon, ku silaing perlu ditampa, sabab jadi kawajiban Asép Onon."

"Nya nuhun ari kitu mah," jawab Si Warji.

"Top atuh geura rawatan, déwék rék balik, geus burit," cék tua kampung bari tuluy indit.

Sanggeus tua kampung balik, Si Warji deker baé dahar, sabab geus kacida laparna. Ari deungeun sanguna uyah lembut jeung peuteuy sélong ngora.

Biasana mun manéhna dadaharan dina keur meujeuhna lapar, sanajan deungeun sanguna ngan ukur uyah ogé sok pohara ponyona. Tapi harita mah daharna ngan ukur béak satengah piring, lantaran sanguna beueuy.

"Naha Ema sangu téh bet rada haseum?"

"Ih pantes baé da puguh sangu mangkukna," jawab indungna bari cumalimba.

"Naha atuh Ema henteu nyangu deui?"

"Eh anaking ..... na naon anu disangu? Apan aing téh geus sababaraha poé teu balangsiar," cék indungna. "Heug, isukan mah urang ngéjo deui, sugan meunang béasna, urang nganjuk heula ka warung."

NANDONKEUN BAJU

Geus jadi kabiasaan, samangsa-mangsa neut hudang Si Warji sok tuluy ka cai, mandi, balik ti cai terus ka dapur ngadon siduru bari ngasur-ngasur seuneu, ngadagoan sangu asak. Tapi ti sabarang Ambu Warji gering, geus sababaraha poé tara nyangu isuk-isuk, lantaran teu aya sangueunana.

Si Warji pohara ngarasa kalumaneunana nénjo dapurna caméok tiiseun, teu ngadéngé-déngé sééng nyéngsréng kawas sasari. Ku sabab éta, pok manéhna nanya ka indungna, "Ema téh lain rék nitah kuring téa ka warung Ma Ijem meuli béas?"

"Ih, lain rék meuli," jawab indungna, "rék nganjuk, sugan dibéré."

"Naha Ema maké nganjuk? Apan carék Ema teu hadé kacida jalma nu sok unjak-anjuk téh, lain?"

"Enya bener teu hadé téa mah," cék indungna bari ngalimba, "tapi ayeuna mah kapaksa ..., sabab taya keur meulina."

"Ah, keun baé Ma, tong unjak-anjuk teuing," cék Si Warji, "sangu nu kamari téa baé seupankeun deui, keun baé haseum-haseum ogé lumayan."

"Ih, sangu nu geus haseum mah sok jadi kasakit," cék indungna. "Mending nganjuk baé béasna sabatok mah

ka warung, engké ogé ari geus boga duit mo burung dibayar."

Si Warji léos indit ka warung bari mawa boboko leutik keur wadah béas.

Demi tukang warung anu rék dianjukan téh jalma pohara cecelna jeung korét deuih, cadu kana tutulung, tara pisan ibadah ka papada kaula, anu diingetkeun ku manéhanana salilana ngan tina perkara kauntungan baé. Tapi sanajan Ambu Ijem sakitu cecelna, jelema téh teu burung rabul baé barangbeuli ka manéhanana, lantaran ngawarungna taya musuh, kawuwuh séréwél bisa nyarita, bisa ngolo-ngolo nu barang beuli, jaba ti kitu téh kuat sumpah deui. Upama daganganana aya nu nyebutkeun mahal teuing, manéhna sok tara inggis sumpah kieu, "Daék medu, daék busung, daék dibéntar gelap, ieu téh pameulianana ogé mahal."

Ambu Ijem geus apaleun pisan ka sakur nu sok ngalanggan barang beuli ka manéhna, komo ka Ambu Warji jeung ka Si Warji mah pohara lomana, bubuhan tatangga jeung sok remen tutah-titah deuih.

"Tah Si Jalu kakara kajeueung!" cék Ambu Ijem ka Si Warji. "Na ka mana Elu, bet geus sababaraha poé taya témbong-témbong balanja ka dieu?"

"Ih, apan indung kuring téh gering," cék Si Warji.

"Euh, atuh paingan geus sababaraha poé taya embol-embol datang, mayar hutang balanjaan ka dieu," cék Ambu Ijem bari semu handeueul. "Ari Elu ayeuna ka dieu téh dititah mayar hutang?"

"Ih, lain dititah mayar hutang, tapi .... dititah nganjuk béas sabatok."

"Ah, piraku ngahayoh baé," cék Ambu Ijem, "ari naurna can sapésér-pésér acan."

"Engké ogé ari Ema geus cageur sarta geus bisa deui

kuli, moal burung dibayar," omong Si Warji.

"Ah, moal, moal dibéré nganjuk deui, ari tacan ngalunasan hutang nu ti heula mah."

"Naha sabaraha hutang indung kuring téh?" cék Si Warji ka Ambu Ijem.

"Ih, gedé," cék Ambu Ijem. "Hutang béas lima bénggol, hutang sambeleun dua sén jadi opat welas sén sapésér."

Si Warji ngahuleng ngadéngé omong Ambu Ijem kitu téh, dina haténa pohara ngeneseunana, pédah kakara ogé boga hutang sakitu, geus teu dibéré nganjuk deui, padahal can tangtu teu dibayar.

"Embi," cék Si Warji, "atuh ari sieun teu dibayar mah, ieu baé baju kuring tandonna."

"Baju tandonna?" cék Ambu Ijem bari neuteup kana baju Si Warji. "Ah, baju kitu mah moal sabaraha hargana. Ti mana Elu meunang baju kitu?"

"Paparin Juragan Lurah, kamari, lungsuran Asép Onon."

"Beuli baé atuh ku Embi satalén, nya?" cék Ambu Ijem. "Lumayan sugan meujeuhna keur Si Utun."

"Ah, moal dijual," cék Si Warji, "kurang hadé ngajual barang paméré mah, pamali. Mun ditarima keur tandon mah nya ditandonkeun baé."

"Heug baé rék ditandonkeun ogé," cék Ambu Ijem, "tapi lamun dina jero saminggu hutangna can dibayar kénéh baé, éta baju kapimilik ku Embi, nya?"

"Kitu, nya kitu," cék Si Warji.

"Kadieukeun atuh bobokona urang eusian béas!" cék Ambu Ijem, "Pék geura laan bajuna!"

Si Warji tuluy ngalaan bajuna, sok dibikeun ka tukang warung.

"Tapi .... ké urang sina diajaran heula ku Si Utun," cék Ambu Ijem bari tuluy nyelukan anakna: "Utun! Utun!

Cing ieu ajaran baju!"

Si Utun norojol ti dapur bari nyéréngéh semu atoh.

"Naon Ema, baruk baju?"

"Heueuh, ieu baju ajaran," cék indungna.

Tuluy bajuna ku Si Utun diajaran.

"Euleuh meujeuhna pisan Ma. Tapi naha bet jiga-jiga baju Asép Onon?"

"Enya, lungsuran Asép Onon dibikeun ka Si Warji, ku Si Warji ditandonkeun, keur mayar hutang béas ka urang," cék indungna.

"Ah, bohong Ma, piraku teuing Asép Onon méré lungsuran ka Si Warji? Mun rék méré ogé ka kuring, da kuring sobatna.

"Teu nyaho teuing ....!" cék indungna.

"Boa meunang maling ieu mah, Ma?"

Si Warji dina haténa sirikna teu ngajerit, bawaning ku ngenes, ngadéngé omongan Si Utun kitu téh.

"Eh, naha kabina-bina teuing silaing ngahina ka déwék, Utun!" cék Si Warji bari nyusutan cipanon.

"Atuh da enya, piraku baé Asép Onon barangbéré ka silaing?" cék Utun bari seuri.

"Ah, keun baé masing beunang maling ogé," cék Ambu Ijem, "da urang mah narima tandon ti Si Warji, kumaha-kumahana mah mangsa bodo Si Warji baé," ngomongna kitu téh bari nyodorkeun boboko nu beunang ngeusian ku béas sabatok ka Si Warji.

Sanggeus nampanan boboko, Si Warji tuluy balik sarta dina haténa pohara ngageremetna, ngenes ku sabab dihina, dingangaranan maling baju.

"Eh, hanyakal aing dicarék gelut," cék dina haténa, "da lamun tacan diwarah ku aing mah, éta umat téh moal weléh ngahina, moal weléh ngagoda kana haté aing. Eh! paingan cék paribasa uyah mah tara téés ka luhur,

indungna nurustunjung, anakna ogé pikasebeleun."

Barang Si Warji datang ka imahna, indungna kagéteun pisan, réh Si Warji awakna buligir jeung panonna rambisak.

"Ku naon sia téh Warji, maké ceurik? Jeung naha bubuligiran, dikamanakeun baju sia?"

"Ditandonkeun kana hutang," cék Si Warji bari dumareuda.

"Ditandonkeun kumaha?" cék indungna semu héran.

"Lamun Ema teu mayar hutang dina jero saminggu, baju kuring lapur."

"Eh, na .... abong-abong ka nu malarat, pilakadar nganjuk béas sabatok, nepi ka teu dipercaya ...," cék Ambu Warji bari bijilan cipanon. "Tapi ..... nya dalah di kumaha da geus sakieu nya permilikan."◈

MARADUKEUN

Luang lumrahna barudak, lamun aya kakeuheul atawa kateungeunah ka babaturanana, sok gancang bébéja ka kolotna, ngarah dipangmeunangkeun. Si Warji ogé sakapeung mah nya kitu lamun aya kaambek téh sok bébéja ka indungna. Tapi ku indungna tara diwaro, sumawonna mun dipangmeunangkeun, bet kalah Si Warji sorangan nu digelendeng jeung dinaséhatan sangkan sabar jeung henteu ngandung haté. Ku sabab éta, ayeuna mah upama Si Warji manggih kateungeunah haté, tara cacarita ka indungna, sabab cék pipikiranana taya gunana mupulihkeun kagoréngan batur ka indung.

Dina hiji mangsa waktu Si Warji keur ngala suluh di kebon awi, jol datang Si Utun jeung baturna nu ngaran Si Begu, mawa ketepél rék ngetepélan manuk.

Barang Si Utun nénjo ka Si Warji, pok manéhna ngomong ngaharéwos ka Si Begu, "Gu, tuh ténjo euy, si bangsat baju téh keur ngala suluh."

"Naha maling baju ti saha?" cék Si Begu.

"Ih, puguh maling baju ti Asép Onon, malah bajuna ogé dijual ka indung déwék."

"Naha geuning bet teu ditangkep?"

"Is, meureun baé teu kanyahoan ku Juragan Lurah," cék Si Utun.

"Ah, piraku euy, budak sagedé kitu geus wani maling baju. Déwék mah enya ogé sok pulang-paling, can wani ari maling baju mah, komo deui ieu maling ti Juragan Lurah," cék Si Begu.

"Ih, ari silaing, bet maké nyebut piraku," cék Si Utun. "Lamun Si Warji teu maok, na ti mana baranghakanna? Kana nganjuk geus taya nu mercaya, malah ka indung déwék gé geus gedé hutangna, tacan bisaeun mayar sapésér gowéng."

"Euh atuh lamun kitu mah, leuwih hadé ku urang baé ayeuna pupulihkeun ka Juragan Lurah, hayu!" cék Si Begu. "Sabab lamun diantep, matak deudeuieun."

Kakara sakitu Si Utun jeung Si Begu ngaromongna, jol Si Warji nyampeurkeun ka hareupeun éta dua budak.

"Naha silaing téh mana kabina-bina teuing ngagoréngkeun ka déwék téh?" ngomongna kitu Si Warji bari mencrong ka éta dua budak, beungeutna munggah beureum, huntuna tikekereket nahan amarah.

"Atuh da enya, mémang silaing téh bangsat," cék Si Utun.

"Maling naon déwék téh ti silaing?" cék Si Warji.

"Lain maling ti déwék, ti Asép Onon maling baju. Lamun silaing kumawani pulang-paling ti déwék mah, entong sieun teu dibarogod kokod silaing."

"Wajit!" cék Si Begu. "Ti batan silaing poporongos kitu mah, leuwih hadé ngaku baé sarta ménta dihampura ka Asép Onon, euy!"

"Keur naon silaing maké pipilueun ngomong?" cék Si Warji.

"Éh, lamun silaing bedegong, ku déwék ayeuna dilaporkeun ka Juragan Lurah."

"Jor ka ditu, masing dilaporkeun ka wadana ogé, déwék teu sieun, teu gimir," cék Si Warji bari morongos.

"Nya bener bedegong ieu umat téh," cék Si Begu, "Utun, tungguan ku silaing ieu bangsat téh, bisi kabur, déwék rék ka Juragan Lurah," bari terus Si Begu indit satengah lumpat.

"Utun, déwék téh geus pohara dinyenyeri jeung diwiwirangna ku silaing, naha silaing téh moal aya euih-euihna?"

"É — é — éh, silaing téh ngalawan ka déwék?" cék Si Utun.

"Mémang ngalawan! Sieun ku naon, gimir ku naon, déwék ku pantar silaing? Pédah éta beuteung silaing bureuteu?" ngomongna kitu téh Si Warji bari ngangseg ka hareupeun Si Utun, dadana méh antel, jeung peureupna dikeupeulkeun tipepereket. "Déwék teu sieun ku jalma goréng pucus kawas silaing ..... Nya ayeuna silaing ngadu peureup haneut, ngadu tanaga jeung déwék téh."

"Ah, meureun baé silaing mah wani soteh da mawa péso," cék Si Utun ngomongna arapap-eureupeup jeung bari ngadégdég kawas nu muriang keur nirisan.

Péso paragi ngala suluh téh lung dialungkeun ku Si Warji jauh pisan.

"Tuh, ténjo, pésona geus dibalangkeun ku déwék, hayoh silaing geura singkil! Di mana hayang gelut téh?"

Si Utun haténa ngaleketey jeung ngadak-ngadak miris, panonna kuram-kireum teu wanieun neuteup beungeut Si Warji, tungtungna pupunduran-pupunduran ..... belenyeng baé lumpat tipaparétot, kawas nu diudag méong. Lumpatna teu nénjo kana tincakeun, da asa bek, asa bek baé ditonjok ku Si Warji, tungtungna jetruk titajong kana tunggul awi, gebut labuh, irungna tisusut kana batu, nepi ka baloboran getih jeung tarangna datang ka jantowor.

"Hag sia karasa," cék Si Warji, "geuning kalah ka

ngangkrangna baé éta umat téh, haténa mah borangan, badis baé hayam lisung, tacan naon-naon geus ngacir."

Si Utun kebat lumpat ka imahna bari ceurik auk-aukan, gegeroan ménta tulung ka indungna, pokna, "Aduh, aduh tulung Ema, kuring diteunggeulan ku Si Warji, ieu beungeut kuring nepi ka getihan! Aduh tulung!"

Waktu harita indung Si Utun keur di dapur popolah jeung gurang-goréng dagangkeuneun. Barang ngadéngé anakna ceurik aduh-aduhan jeung tulung-tulungan, gancang lumpat norojol kaluar. Ku lantaran gugup, nepi ka sagala ditajong, angeun lodéh nepi ka bahé.

"Masa Allah, ku naon anaking, éta beungeut sia lamokot ku getih, hah?"

"Auh — auh — auh, Ema! Kuring di .... di .... di .... teunggeulan ku Si .... Si .... Si .... Warji! Aaw .... aaw .... Aaw ....!"

"Gustiiii ..., naaa aya umat bangkawarah teuing! Telenges teuing! Keun engké diwarah sia ku aing, dilaporkeun ka pulisi. Ati-ati, moal dibéré deui nganjuk béas, najan nepi ka langlayeuseun ogé!" cék Ambu Ijem bari nungtun anakna ka pancuran terus disibeungeutan, geus kitu dibaluran ku balur ketan hideung jeung cikur.

"Geus, répéh! Naha atuh ku sia henteu dilawan?" cék Ambu Ijem. "Sia téh teu wani? Apan gedé kénéh awak sia batan Si Warji!"

"Ih, lain teu wani, da Si Warji mah mawa péso, ari kuring léngoh."

"Ambu-ambu, na aya umat .... Keur malarat, masakat téh teu ngarumasakeun manéh."

Sanggeus Si Utun répéh ceurikna, belenyeng Ambu Ijem indit ka imah Ambu Warji, karepna rék ngontrog Si Warji, ari gogoréngan mah di dapur cul baé nepi ka tarutungna.

Sadatang-datang, gantawang Ambu Ijem mentog ti lawang imah Ambu Warji bari nulak cangkéng jeung tutunjuk, pokna, "Embok, mana Si Warji anak Embok? Bangkawarah, kurang ajar éta budak téh, kumawani mergasa anak deungeun, tuh, anak kula beungeutna mani ruksak diteunggeulan!"

Ambu Warji molotot mata simeuteun, tina kagétna, teu gugur teu angin ujug-ujug aya nu ngagabrah baé.

"Ih, duka Nyimas ...," cék Ambu Warji, ngomongna ngageter, "da tadi mah cenah rék ngala suluh, ayeuna tacan mulang."

"Ah, lain rék ngala suluh, rék mergasa anak kula, keun ku kula tangtu dilaporkeun ka pulisi."

Sanggeus ngomong kitu, léos Ambu Ijem balik.

Ambu Warji geus lain dikieuna baé reuwaseunana jeung susaheunana, ngadéngé anakna rék dilaporkeun ka pulisi téh, awakna ngadak-ngadak lesu, nepi ka teu kuateun nangtung-nangtung acan. Eukeur mah boga kasakit, turug-turug manggih kareuwas, atuh kasakitna ngadak-ngadak ngarosaan.

"Eh, tobat Gusti, kumaha baé ieu awak téh?" cék Ambu Warji bari ceurik ngabangingik. "Bari naha éta Si Warji, mana teu beunang teuing diomongan!"

Sabot Ambu Warji keur ceurik, teu kungsi lila jol Si Warji datang, bari manggul suluh, régang awi garing. Barang manéhna asup ka imah, kacida reuwaseunana nénjo indungna ngagolér di tengah imah bari ceurik.

"Ema, Ema, ku naon Ema, téh?" cék Si Warji semu gugup, "Ema, ieu kuring datang!"

"Na sia téh mana nyiksa teuing ka aing téh?" cék indungna.

"Ya Allah, na ku naon Ema téh?"

"Naha sia téh mana teu nurut kana omongan aing?

Ari geus kieu kumaha? Saha nu pinulungeun aing, mun sia dihukum?" cék Ambu Warji.

"Ema, apan salawasna ogé kuring mah tacan nyorang mungpang kana piwejang Ema."

"Naha sia kumawani mergasa anak Ambu Ijem?"

"Mergasa kumaha?" cék Si Warji semu kagét.

"Cenah Si Utun ku sia diteunggeulan beungeutna nepi ka ruksak!"

Si Warji nu keur sakitu reuwasna, barang ngadéngé omong indungna kitu, ujug-ujug cikikik baé seuri.

"Ema! Si Utun téh cilaka ku pamolahna sorangan, lain dipergasa ku kuring, dasar budakna baé tukang maradukeun," cék Si Warji.

"Naha atuh cék indungna majahkeun ku sia? Malah cenah sia rék dilaporkeun ka pulisi," omong indungna, "Nu matak aing reuwas jeung ceurik, lantaran sieun enyaan sia boga dosa, meureun sia dibui."

"Ambuing .... Piraku jalma nu teu tuah teu dosa dibui teu pupuguh? Ah, dasar saruana éta mah, nya anakna nya indungna garoréng haté téh."

Sanggeus ngadéngé omongan anakna kitu, Ambu Warji kakara cénghar deui sabiasa.◈

TELENGES

Di kebon awi paranti Si Warji ngala suluh téa, aya dua budak lalaki keur arulin bari marawa ketepél jeung ngantongan batu lalembut, rék ngetepélan manuk. Ari dedeganana éta dua budak, nu saurang jangkung begang, nu saurang deui pendék gedé, beuteungna bureuteu sarta tarangna jeung irungna dibalur ku ketan hideung. Étana dibalur téh nyaéta Si Utun, ari anu jangkung begang nyaéta sobatna, nu ngaran Si Begu téa, anak tukang ngarit.

"Euy, geuning euweuh manuk di dieu mah," cék Si Begu ka Si Utun.

"Heueuh, euweuh bulu-buluna acan," cék Si Utun, "anggursi urang ka sawah, yu!"

"Hayu!" cék Si Begu. "Tapi ..., ari ka sawah mah kudu bebekelan euy, bisi lapar."

"Mekel naon?"

"Mekel uras hadé, mekel goréngan oncom hadé," cék Si Begu. "Ari hadéna pisan mah mekel kahakanan baé rupa-rupa."

"Ah, ari mekel kahakanan loba-loba teuing mah ulah euy, indung déwék sok ngambek."

"Is, atuh ulah geruh, nyokotanana kahakanan sing ulah katara ku indung silaing."

Si Begu ngahuleng sakeudeung, jiga nu mikir-mikir piakaleun.

"Kieu ayeuna mah, euy," cék Si Begu, "déwék rék ngagolombrang-golombrang kaléng kosong di pipir warung bari éong-éongan, ngarah indung silaing lumpat ka dapur ngagebahkeun ucing. Tah sabot ka dapur, silaing kudu rikat ngantongan goréngan oncom jeung uras atawa naon baé."

"Ah, ulah euy, ari kudu barangcokot loba-loba teuing mah, indung déwék bisi rugi."

"Wah, dasar budak medit baé silaing mah, teu euweuheun piomongeun, kitu téa, kitu téa, piraku dicokot sakitu-kitu baé rugi? Lamun silaing ngarasa rugi dipéntaan kahakanan ku déwék .... nya leuwih hadé entong sosobatan jeung déwék, euy!"

"Ih, ulah pundung, euy," cék Si Utun bari seuri, "déwék mah ngomong kitu sotéh banyol baé."

Sanggeus baradami, tuluy éta dua budak arindit. Si Begu rék éong-éongan di pipir imah, Si Utun rék nyokot kahakanan.

* * *

Teu kungsi sawatara jongjongan, éta dua budak geus tingbalecir ka sawah sarta sakuna merekis ku kahakanan, aya uras, oncom, cau jeung kacang goréng.

"Leuh euy, indung déwék mani hibut mamawa halu rék ngagebug ucing," cék Si Utun bari seuseurian.

"Heueuh, ngan hadéna baé ucing garongna bisa salin rupa," cék Si Begu bari ngosom, sungutna pinuh ku uras jeung goréng oncom.

"Naha euy, waka dihakanan di dieu uras téh?" cék Si Utun.

"Ah, engké dihakan, ayeuna dituang, ieu mah itung-

itung ngasaan baé, hayang nyaho pelem-henteuna uras jeung oncom."

Sanggeus daratang ka sawah, éta dua budak tuluy tingalaprak, mapay-mapay galeng rék ngintip jalak jeung tilil nu keur maracokan cacing dina kotakan, da harita téh keur usum macul.

"Tuh ténjo euy, jalak mani rapang," cék Si Begu.

Tuluy éta dua budak tingarongko, ngintip jalak ti lebakeun galeng.

"Kudu bareng euy, ngetepélna," cék Si Utun.

Kusiwel-kusiwel maranéhanana marasangkeun batu leutik kana kulit ketepélna, terus dipentangkeun.

"Bareng euy!" cék Si Utun bari ngaharéwos, "hiji ... dua ... tilu!"

Jeprét , ... hieng, ... peletak! Batuna keuna kana taneuh, ber manuk jalak téh haliber kabéh.

"Leuh, hanyakal teu keuna, saeutik deui pisan, euy!" cék Si Utun.

"Ah, meureun baé rusuh teuing, euy!" cék Si Begu.

"Tuh euy, areunteup deui jalak téh deukeut munding keur guyang," cék Si Utun bari nunjuk.

"Munding saha, nya euy, nu keur guyang téh?" cék Si Begu.

"Munding Juragan Lurah, sigana mah," cék Si Utun.

"Tah anggursi urang milu ngaguyangkeun munding bari tumpak, hayu!" cék Si Begu. "Geus bosen déwék mah keketepélan téh euy, bongan teu beubeunangan."

"Hayu tumpak munding ogé," cék Si Utun, "tapi déwék boga karesepan nu leuwih modél, euy, nyaéta ngamaénkeun munding sina dangsa."

"Sina dangsa kumaha?" cék Si Begu semu héran. "Cing hayu urang buktikeun."

"Pék atuh nu ngangonna ku silaing olo heula, ajak

ngomong atawa béré uras, ambéh déwék jongjon ngajampéan mundingna."

"Karah maké kudu dijampéan sagala?" cék Si Begu, bari tuluy manéhna nyampeurkeun ka budak angon téa.

"Euy, déwék milu tumpak munding, engké silaing dibéré uras jeung oncom."

"Nya, seug teuing," omong budak angon téh. "Tapi, mana urasna?"

Si Begu tuluy ngodok uras jeung oncom tina sakuna, sok dibikeun ka budak angon téa.

"Geura kop hakan euy, na aya uras mana ngeunah-ngeunah teuing, nya pelem, nya peungkeur, da loba kalapana. Goréng oncomna ogé geura rangu naker, teu éléh ku oncom Suma."

Sabot éta budak angon jeung Si Begu ngaharakan uras, Si Utun tuluy ngala gaang dua. Ari geus meunang, gancang gaang téh diasupkeun kana liang ceuli munding, nu keur nyatuan, sanggeus kitu Si Utun lumpat, nyampeurkeun Si Begu.

"Euy, Gu, hayu ah urang ngarala daun putat!" cék Si Utun bari ngiceupan ka Si Begu.

Ku Si Begu kahartieun maksud Si Utun kitu téh. Tuluy éta dua budak lalumpatan kana tangkal putat, térékél naraék bari saleuseurian.

"Na dikumahakeun munding téh ku silaing, Tun?" cék Si Begu.

"Diasupan gaang ceulina, geura moal lila deui ogé dangsa."

"Ih, atuh matak tuluy ngamuk, euy. Ah, silaing mah gagabah!"

"Mangsa bodo ngamuk ogé, da lain munding déwék!"

"Geuraheun," cék Si Begu. "Kumaha engké mun

ngamuk ka urang?"

"Apan nya éta, nu matak déwék geuwat ngajak naék ogé, bisi diamuk munding."

Sabot éta dua budak galuntreng dina tangkal putat, munding nu ceulina diasupan gaang téa geus mimiti gigideug jeung abrug-abrugan, tina awahing ku gétékeun, tuluy lulumpatan bari gegebos.

"Tuh euy, munding téh geus mimiti dangsa," cék Si Utun bari seuseurian awahing ku suka, boga rasa hasil maksudna.

Barang budak angon téa nénjo mundingna lulumpatan jeung abrug-abrugan teu puguh-puguh, tuluy ku manéhna diudag rék ditéwak, da sieuneun terus kabur. Sanggeus deukeut munding téh bet malikan, jedak baé ngadupak, nepi ka nangkarak bengkang, teu empés-empés budak téh.

"Aduh euy, tuh tétéla tuluy ngamuk munding téh," cék Si Begu bari semu reuwas. "Tuh, ténjo, budak angonna didupak. Beu cilaka ...."


Demi Si Utun urut tadina seuseurian sakitu sukana téh, barang nénjo balukarna kitu mah, bep baé balem teu ngomong sakemék panonna molotot, haténa ngageter tina kacida reuwaseunana.

Ari mundingna sanggeus ngadupak budak angon téa, tuluy baé melesat kabur, teu puguh ka mana losna.

* * *

Demi éta budak angon téh sobatna Si Warji, ari ngaranna Si Adun, umurna salapan taun, budak pahatu lalis, tapi kalakuanana hadé pisan.

Poé harita Si Warji indit ka sawah, sabab geus badami jeung Si Adun yén rék ngarukuy belut di pangangonan, sarta beubeunanganana baris diparokeun.



Adun nangkarak di dupak munding
ditingali Si Utun jeung Begu di luhur tangkal.

Barang Si Warji datang ka pangangonan, kasampak Si Adun keur ngajoprak dina kotakan bari humarurung, gancang ku manéhna diburu.

"Adun! Adun! Ku naon silaing téh, euy, mana ngajoprak dina kotakan?" cék Si Warji.

"Aduh ....! Aduh ....! Déwék téh didupak munding .....!" cék Si Adun sorana lalaunan, méh teu kadéngé.

"Masa Allah, ... dada silaing nepi ka geuneuk kieu!"

Sabot Si Warji keur dongko ngilikan dada Si Adun, ujug-ujug peletak .... peletak baé tonggongna aya nu ngetepélan, atuh manéhna ngagurubug, terus nangtung bari luak-lieuk.

"Saha manusana anu ngetepélan aing téh? Na, aya umat mana telenges-telenges teuing!" cék Si Warji bari ngusapan tonggongna. "Ah, moal salah Si Utun, nu jail jeung telenges téh." Tuluy manéhna ngagorowok tarik pisan, "Euy sétan! Lamun silaing wani, montong ngadodoho bari nyumput! Hayoh ka dieu datang, pék sia lamun témbong, ku aing diberik."

Si Utun jeung Si Begu tangtu baé moal wani mindo deui ngetepél, da sieuneun kapanggih.

"Aduh euy, cing déwék tulungan! Kumaha ieu déwék teu bisa nangtung, dada déwék pohara nyerina jeung eungap," cék Si Adun ka Si Warji.

Harita kénéh tuluy ku Si Warji digandong, dibawa ka bumi Juragan Lurah.

Sanggeus Si Warji ngaléos, Si Utun jeung Si Begu tuluy tarurun tina tangkal putat.

"Gu!" cék Si Utun. "Lamun silaing béla ka déwék, poma-poma pisan ieu perkara ulah diucah-acéh, komo ka Juragan Lurah mah ulah curuta-carita."

"Ah, mustahil, piraku déwék gélo, kumawani muka rasiah sobat," cék Si Begu, "tapi kudu aya buruhanana."

"Naha maké kudu aya buruhna? Naon buruhna téh?" cék Si Utun.

"Ah, éta mah kudu kaharti baé ku silaing, apan kuda munding ogé upama teu dicangcang mah sok leupas," cék Si Begu. "Tah, ieu ogé rasiah téh, lamun teu dicangcang mah, geus tangtu ....."

"Heueuh, naon panyangcangna téh?" cék Si Utun.

"Silaing kudu méréan duit ka déwék, unggal poé sabénggol-sabénggol, lamun teu méré, engké ku déwék dilaporkeun ka Juragan Lurah, geus tangtu silaing meunang hukuman, sabab geus ngalampahkeun jail kaniaya ka munding jeung ka budak angonna."

"Eh, Gu!" cék Si Utun bari dumareuda rék ceurik. "Sing karunya baé atuh euy ka déwék, omat ulah dibuka rasiah déwék téh, hanas éta déwék kudu méréan duit unggal poé ka silaing, boro-boro ngan ukur sabénggol, dalah leuwih ti sakitu ogé mo burung ditedunan, asal déwék salamet baé. Jeung lamun silaing rék enyaan béla ka déwék, cing déwék tulungan."

"Tulungan naon deui?" cék Si Begu.

"Déwék téh pohara gemesna ka Si Warji, silaing ogé nénjo sorangan, pangna beungeut déwék ruksak téh, lantaran ku Si Warji."

"Ari enggeus, rék kumaha silaing téh?" cék Si Begu.

"Lah, silaing mah ku api-api teu ngarti," cék Si Utun. "Cék déwék ogé, déwék téh minangsaraya ka silaing ménta dibantuan ....."

"Euh, dibantuan ngagelutan? Nya ari kudu-kudu teuing mah, heug baé, bubuhan sobat," cék Si Begu bari ngagaro punduk. "Iraha silaing rék gelut téh?"

"Har! Silaing mah kawas nu gundam diajak nyarita téh," cék Si Utun bari baeud. "Atuh nyasat ari kudu déwék-déwék kénéh baé mah, nu ngagelutan ti heula. Dé-

wék mah ménta tulung sotéh hayang tarima bérés baé, kitu-kieuna mah mangsa bodo silaing."

"Euh, kaharti ayeuna mah, jadi déwék téh kudu ngarah Si Warji? Heug atuh, engké di mana papanggih ku déwék rék dikekesek."

Ari geus ngaromong kitu, éta dua budak tuluy baralik.◈

GELUT

Baréto saméméh Asép Onon tigebrus kana sumur, tara pisan daékeun ulin jeung Si Warji, sumawonna reureujeungan mah, sakalieun dideukeutan ogé mani sirikna teu nyingkirkeun baé. Ari ayeuna sanggeus Asép dijait tina balai, jadi pohara deudeuhna ka Si Warji téh. Unggal poé upama Asép Onon balik ti sakola, sok nyampeur ulin ka Si Warji, malah sok kikiriman sagala, aya kuah-kuéh, aya bubuahan atawa naon baé.

Ku sabab éta barudak nu séjén, urut babaturan Asép Onon jadi kacida sirikeunana téh, komo Si Utun jeung Si Begu mah ka Si Warji téh kawas ka satru kabuyutan baé.

Lamun Si Warji dikirim kadaharan ku Asép Onon, heug pareng kanyahoan ku Si Utun atawa ku Si Begu, pohara disindiranana, majar téh, "Lah ku genah ari nu kokoro manggih mulud, kahakanan leueur-haseum ogé mani dijejel-jejelkeun kana tikoro." Tapi ngaromongna kitu téh teu waranieun ari ti kadeukeutan mah, sumawonna hareupeun, da kawanina ti kaanggangan baé.

* * *

Dina hiji mangsa Si Warji nguseup di muara Leuwitarik di sisi kebon awi. Harita nguseupna teu wudu rada mujur, beubeunanganana geus méh satengah kempis.

Laukna aya lélé, beunteur, keting jeung lauk emas.

Waktu keur jongjon nguseup, jebul Si Utun jeung Si Begu daratang, rék marandi kokojayan di éta leuwi.

Barang éta budak nénjo Si Warji cindekul di sisi leuwi, tuluy manéhna tingrarandeg.

"Gu, nya ayeuna silaing kudu nohonan jangji téh, euy!" cék Si Utun bari ngaharéwos.

"Kumahakeun éta umat téh ku urang?" cék Si Begu.

"Dodoho, tuluy jongklokkeun kana leuwi!" cék Si Utun.

"Atuh leuwih hadé bareng ku duaan, bisi teu katanagaan ari ku déwék sorangan mah."

"Hayu, tapi sing ati-ati euy, lalaunan leumpangna!"


Tuluy éta dua budak tingketeyep, leumpangna jéjéngkéan ngadeukeutan kana tonggong Si Warji.

Demi Si Warji, ku sabab keur pogot nguseupna, pikiranana, panonna jeung dédéngéanana téh ditamplokkeun kana useup baé, nepi ka teu nyahoeun yén aya nu rék nyilakakeun.

Si Utun jeung Si Begu, sanggeus aya di tukangeun Si Warji, tuluy silih kiceupan.

"Heup!" Gujubar ... kerelep ... Si Warji titeuleum kana jero leuwi .....

Éta dua budak berebet lalumpatan, karepna rék nyumput ka saimah-imahna. Tapi kakara ogé sawatara léngkah lumpatna, ujug-ujug jol Asép Onon tina dapuran awi, gabrug ngarontok ka éta dua budak, ger gelut tiluan papuket, silih rangsang, silih teunggeul jeung silih beubeutkeun. Asép Onon mindeng pisan kabeubeutkeunana, lantaran dihurup ku duaan, ngan bubuhan wanian baé, tara éléh ku atah-atah, kawasna kajeun paéh batan éléh, sakitu dikekesek jeung diperekpek ditonjokan ku duaan téh, kuat kénéh ngalawan.



Lila-lila Asép Onon ripuheun dibeubeutkeun ku Si Begu, nepi ka nangkuban, tuluy pada narumpakan jeung ditaronjokan. Sabot kitu, jebul Si Warji datang, papakéanana rancucut. Gabrug éta dua budak téh dirontok, tuluy didengkék beuheungna, Si Utun ti kénca, Si Begu ti katuhu.

Lila-lila Asép Onon ripuheun dibeubeutkeun ku Si Begu, nepi ka nangkuban, tuluy pada narumpakan jeung ditaronjokan. Sabot kitu, jebul Si Warji datang, papakéanana rancucut. Gabrug éta dua budak téh dirontok, tuluy didengkék beuheungna, Si Utun ti kénca, Si Begu ti katuhu.

Asép Onon koréjat hudang, tuluy nonjokan ka Si Begu ku peureup katuhu, ka Si Utun ku peureup kénca. Atuh Si Utun jeung Si Begu teu barisaeun ngalawan, ngan bati roroésan leungeunna baé, kawas leungeun nu palid.

"Hayoh Ji, dengkék baé sing tarik, ulah dilésotkeun!" cék Asép Onon.

"Ampun, Sép! Ampun!" cék éta dua budak.

"Silaing ulah ménta ampun ka déwék, kudu ka Si Warji!"

"Ampun déwék Ji! Ampun! Geus geura lésotkeun!"

"Moal dilésotkeun masing nepi ka ngelél ogé," cék Si Warji.

"Aduh ampun, euy! Ieu déwék eungap! Geus, lésotkeun euy! Déwék moal deui-deui ngunghak-campelak ka silaing!" cék Si Utun.

"Moal dilésotkeun mun silaing tacan ngaku mah, saha nu ngetepél déwék di sawah?"

"Déwék!" cék Si Utun.

"Moal deui-deui silaing?"

"Ampun, moal deui-deui, euy!"

"Saha nu ngaheureuyan munding nepi ka sina ngamuk?"

"Déwék!" cék Si Utun.

"Kurang ajar, jahat siah! Telenges!" cék Si Warji, bari tuluy éta dua budak dibeubeutkeun kana taneuh.

"Enggeus, euy!" cék Asép Onon. "Sugan sakitu ogé geus meujeuhna, ngawarah umat telenges mah."

Si Utun jeung Si Begu tuluy baralik bari ceurik tingaringhak.

***

"Lah, hadéna baé kapegat ku Asép, éta umat jahat téh," cék Si Warji. "Ti saha Asép uninga yén abdi aya di dieu?"

"Ih ti tadi gé déwék téh puguh néangan silaing, tuluy ditanyakeun ka indung silaing, cenah nguseup di dieu. Tah sabab éta gancang ku déwék disusul ka dieu. Tadi barang déwék datang ka dieu, bet nénjo Si Utun jeung Si Begu, ngadodoho silaing, sarta terus nyuntrungkeun silaing kana leuwi. Barang maranéhna rék lumpat gancang ku déwék ditéwak, ger baé gelut."

"Leuh, cacakan mun Asép lain jago mah, meureun cilaka."

"Nya tangtu kana cilakana, mun seg teu kaburu katulungan mah," cék Asép Onon bari seuri.

"Aéh kumaha Si Adun téh geus mending?" cék Si Warji.

"Mending .....? Naha silaing tacan nyaho Si Adun nepi ka hanteuna?" cék Asép Onon.

"Nepi ka hanteuna kumaha?" cék Si Warji semu kagét.

"Apan geus hilang, malah tadi dikuburna gé!"

"Innalillahi .....! Teu nyana nepi ka hanteuna."

"Nya éta nu matak déwék manggihan silaing ogé, lantaran aya perlu."

"Aya perlu naon, Sép?"

"Déwék téh perlu ditulungan ku silaing, ménta dipangangonkeun munding. Sabab teu aya deui nu karerong, nu baris daék sarta beunang dipercaya, lian ti silaing sorangan."

"Nya mangga, da abdi mah euweuh gawé."

"Sukur atuh, isukan wanci meleték srangéngé, silaing kudu geus manggencarkeun munding, nya?" cék Asép. "Ari buruhna mah kumaha bapa déwék baé." Nyaritana kitu téh Asép Onon bari nilik kana papakéan Si Warji. "Ji, naha ari silaing dibéré baju ku déwék téh bet tacan kadeuleu dipaké?"

Mimitina mah Si Warji teu daékeun ngajawab tina ngarasa éra.

"Naha teu kungsi katarima baju ti déwék téh ku silaing?"

"Puguh baé katampa mah, tapi geus dipaké tandon hutang béas ka Ambu Ijem indung Si Utun."

"Naha nepi ka nandonkeun baju? Ari indung silaing teu balangsiar?"

"Ih puguh geus aya mingguna ngaringkuk baé di imah, lantaran batuk, bororaah balangsiar."

"Ih naha atuh silaing teu nyarita? Da di déwék ogé aya ubar batuk mah, meunang meuli ti apoték. Keun, engké soré dikirimkeun," cék Asép Onon. "Hayu euy, urang ka imah déwék sakeudeung, geura déwék mah boga kuéh anéh!"

"Ah alim, isin," cék Si Warji.

"Ih naha maké nyebutkeun isin? Apan silaing téh geus jadi sobat déwék," cék Asép Onon bari tuluy ngaléng ka Si Warji, ngajugjug ka balé désa.◈

DIAJAR MACA

Pasosoré Ambu Warji ngalangeu di lawang imahna, panonna molotot teu puguh nu dipencrong, ceulina kawas nu torék, taya dédéngéanana, sabab harita pikiran jeung ingetan Ambu Warji keur sabil, rusras ka jaman baheula, éling ka waktu bihari, mangsa manéhna keur aya dina jero kasenangan.

Cék dina pikirna, "Éh, naha teu nyana teuing ku milik diri, bet nepi ka kieuna. Padahal baheula mah waktu aya kénéh Bapa Warji, aing téh teu kurang hakaneun teu kurang pakéeun, ari ayeuna aing nepi ka mindeng nyorang ngongkrong. Eh, naha ti mana aing pibisaeun meunang hakaneun keur anak aing?"

Sabot Ambu Warji mikir kitu, jol tua kampung datang bari mawa gémbolan.

"Punten Embok!" cék tua kampung. "Ieu kula téh dipiwarang ku Juragan Lurah mikeun ieu béas jeung ubar batuk."

"Ah, boa sanés keur Embok, Mas Apung?" cék Ambu Warji bari rada ngahuleng.

"Ih, piraku ku kula dibawa ka dieu, ari lain keur Embok mah."

"Naha sisinarieun teuing Juragan Lurah téh maké masihan béas jeung ubar batuk sagala?"

"Wallahu 'alam," cék tua kampung.

"Naha saha nu mupulihkeun yén Embok boga kasakit batuk?"

"Nya, meureun anak Embok anu pupulih téh, da tadi manéhna ka balé désa."

"Karah anak Embok ka balé désa?" cék Ambu Warji bari semu héran. "Naha budak téh ngérakeun teuing, bet kumawani lunta-lanto ka balé désa?"

"Ah, ulin baé meureun jeung Asép Onon, kawantu budak bageur anak Embok mah, buktina Juragan Lurah ogé resepeun."

Ambu Warji nu sakitu keur prihatinna téh ngadak-ngadak haténa lejar, bungah taya papadana, pédah anakna dipuji bageur jeung dipikaresep ku Juragan Lurah, lain bungah duméh dibéré béas.

"Kop atuh rawatan éta béas téh, Embok," cék tua kampung. "Jimpona mah rék dibawa deui ku kula."

"Atuh, nuhun, nuhun!" cék Ambu Warji bari ngeurihkeun béasna kana boboko.

"Punten atuh, Embok, kula rék mulang!" cék tua kampung bari ngaléos.

Heuleut sawatara jongjongan ti saléosna tua kampung, jol Si Warji datang, tuluy nyampeurkeun ka indungna, bari omongna, "Ema, bieu kuring mentas ti Juragan Lurah."

"Eum, bet ngérakeun sia mah, naha kumawani lunta-lanto ka Juragan Lurah! Ulah sakali-kali deui deuleu, isin! Rék naon barina ogé sia ka balé désa?"

"Euh, kieu, Ema!" cék Si Warji. "Kuring téh disaur ku Juragan Lurah, anjeunna miwarang ngangon munding, sabab pangangonna nu ngaran Si Adun téa hilang didupak munding."

"Ih, atuh sia ogé ulah daék, bisi didupak munding,

kawas Si Adun," cék Ambu Warji.

"Ah, meureun baé Si Adun mah diteunggar sotéh, da mundingna dijailan ku Si Utun."

"Jadi sia téh rék daék, nya?"

"Ih, atuh puguh baé daék mah, sabab sajabaning ti diburuhan béas téh, kuring ku Asép rék diajar nulis jeung maca deuih."

"Euh, paingan bieu tua kampung ngirim béas jeung ubar, piwarang Juragan Lurah, cenah, taksiran mah sia nu mangméntakeun, nya?"

"Ah, piraku kuring kumawani punta-pénta? Demi Allah teuing, kajeun beuteung kukuruwukan, ti batan wani punta-pénta mah," cék Si Warji bari mencrong ka indungna. "Éta mah meureun kahidengan Asép Onon baé."

"Nya sukur ari lain sia mah nu boga alpukah ménta."

***

Isuk-isuk wanci meleték srangéngé, Si Warji geus aya di sawah, ngagiringkeun munding dua rakit.

Sanajan manéhna ngarasa tiris tina tacan tuman apruk-aprukan di sawah isuk-isuk, tapi ari dina haténa mah geus ngarasa bagja lain dikieuna, bagja duméh geus jadi sobat Asép Onon, nu asalna pohara nyatruna ka manéhna, bagja duméh geus bisa makayakeun indung ku buruhan ngangon, jaba ti kitu bagja duméh rék diajar nulis jeung maca.

Barang datang kana kotakan nu kandel jukutna tur ngémploh, lur mundingna dikencarkeun sina nyaratuan. Ari manéhna tuluy mancal kana tonggong munding, ngadon moyan bari hahaleuangan.

Sanggeus kira-kira wanci manceran, mundingna kabéh tuluy digiringkeun ka nu iuh, sina ngaub. Ari Si Warji

tamba nganggur teu puguh, tuluy manéhna ngala taneuh liket, rék dijieun céngcéléngan dirupakeun munding keur depa.

Prakprakanana barang jieun, tina ngaluluhna nepi ka ngabangunna mumundingan, nya teu wudu rada gancang, kusiwel-kusiwelna téh kawas nu geus paham kana karajinan taneuh baé.

Sanggeus anggeus nyieun céngcéléngan mumundingan nu keur depa, tuluy nyieun céngcéléngan mumundingan nu keur nangtung, kitu baé gawéna, nepi ka anggeus dua-tilu céngcéléngan.

Ku sabab katungkul ku jijieunan, teu kanyahoan deui panonpoé geus aya di kulon. Si Warji tuluy balik bari tumpak munding, leungeunna ranggém ku mumundingan taneuh liket téa.

***


Kira-kira bada magrib, sanggeus Si Warji dadaharan, léos manéhna indit ka balé désa, rék ménta diajar nulis jeung maca ka Asép Onon. Harita Asép Onon kasampak keur maca buku di tepas hareup, dipayunan ku Juragan Lurah.

Barang Asép Onon awas ka Si Warji datang, reg eureun macana, bari saurna, "Tah, murid téh geus datang, ka dieu unggah, Ji!"

"Mangga!" cék Si Warji bari cat unggah ka tepas.

"Kieu, Ji!" saur Asép Onon bari seuri. "Saméméh prak diajar, silaing kudu mayar heula ka déwék. Ari mayarna lain ku duit, tapi ku pagawéan, nyaéta kudu mangnyeukeutankeun patlot jeung mangumbahkeun sabak, nya! Kumaha sanggup?"

"Ih, dalah sapuluh kalieun kitu ogé mangga, naon héséna migawé nu kitu?"



Kira-kira bada magrib, sanggeus Si Warji dadaharan, léos manéhna indit ka balé désa, rék ménta diajar nulis jeung maca ka Asép Onon. Harita Asép Onon kasampak keur maca buku di tepas hareup, dipayunan ku Juragan Lurah.

"Heug, sukur atuh ari sanggup mah."

Asép Onon tuluy nyokot sabak jeung gerip, kotrét nulis, pék diterangkeun sarta tuluy disina diturutan ku Si Warji. Kitu baé diajarna nepi ka peuting pisan.

Gancangna carita, sanggeus aya sababaraha bulan Si Warji diajarna, manéhna geus bisa maca. Ku sabab pohara cengengna, manteng kana hayang bisa maca, nya lila-lila mah laksana, bisa maca buku-buku nu diajarkeun di sakola, beunang nambutan Asép Onon ti guruna. Komo sanggeus aya taunna mah, katambah ku pinter nulisna, sarta aksarana bérés.

Juragan Lurah, ramana Asép Onon téa, pohara bungaheunana sarta teu kira-kira baé nyaaheunana ka Si Warji, ku tina katilik kalakuanana salawasna hadé, titihrintih tur lungguh-ampuh, béda pisan ti barudak anu réa.

Jeung Asép Onon pohara rapihna, dina sagala kalakuan éstuning layeut, lulus runtut, ka cai jadi saleuwi, ka darat jadi salebak, tara paséa pacogrégan, da sok silih élédan, silih ayunkeun jeung silih ma'lum.

Ku kituna, kanyaah Juragan Lurah ka Si Warji geus taya basakeuneunana, méh cara ka putra ku anjeun baé. ◈

SASAR PIKIR

Si Utun, musuhna Si Warji téa, ku indungna kacida pisan diogona, bubuhan budak nunggal, sakahayangna diturut, diwowoy, dienod. Kalakuanana diantep sakarepna, tara pisan digetrik-getrik, najan ngalampahkeun peta salah ogé.

Indungna nyahoeun sarta mindeng manggihan Si Utun ngalampahkeun kagoréngan, saperti sok malingan duit indungna laladangan, nipu jeung ngabohong ka babaturanana, harak jeung sok maradukeun. Jaba ti éta loba deui kalakuanana nu teu parok jeung batur.

Ana rajeun sakali-kalieun digeunggeureuhkeun ku indungna, manan ngagugu mah kalah ka sok malik nyarékan, malah sok wani malédog sagala.

Sakapeung mah ku bawaning keuheul, Ambu Ijem nepi ka sok ceurik balilihan, lantaran ari ka anak teuing ku nyaah, tapi kana kalakuanana teu bisaeun mondah, sumawonna ngahadéan.

Barang umur Si Utun geus nincak kana akil balég, kalakuanana beuki angot baé goréngna, cék babasan téa mah geus taya siruaneunana, mutuh nurustunjungna.

Indungna beuki lila téh beuki tambah kejéng baé, lantaran salawasna capé haté. Kana ngawarungna geus teu pati suhud, katambah daganganana teu sakumaha

payuna.

Lila-lila Ambu Ijem brek gering payah pisan sarta nepi ka maotna.

Sanggeus Si Utun ditinggal maot ku indungna, antara sapoé dua poé mah, kawas nu heueuh, maké sok cumalimba sagala. Tapi barang manéhna inget yén loba duit jeung barang titinggal indungna, manéhna sok ngadak-ngadak jadi cénghar, boga rasa leuwih merdika, meunang sakumaha kahayang, kalawan taya nu nyisikudi, euweuh nu ngagetrik-getrik.

Satungtung aya duit titinggal indungna, Si Utun méh unggal peuting ngalajur napsu, ngumbar amarah, karesepna babakuna kana maén: maén kartu, maén sintir, kécék jeung sabangsana.

Kitu deui kana adu-aduan ogé teu kalarung: ngadu domba, ngadu hayam atawa ngadu puyuh jeung ngadu muncang henteu kaliwat.

Lila-lila duit titinggal indungna téh ledis, ari kana maén terus ngaraksuk. Atuh tuluy baé jujualan, ngajualan parabot saaya-aya. Sanggeus sagala béak, nya tungtungna imah jeung pakaranganana dijual dimurah-maréh, sangkan payuna. Sanggeus boga ladang lahan jeung imah, Si Utun beuki pogot baé kana adu-aduanana, kana tumpanganana beuki osog, komo upama pada ngolo jeung pada ngangsonan mah, pikirna beuki pohara sasarna, teu inget kana pikahareupeun.

Teu kungsi sawatara bulan, duitna geus ledis, teu nyésa sapésér-pésér acan. Papakéanana ogé ledis, ngan kari nu napel dina awakna baé, kitu ogé geus kuleuheu pisan, alah batan papakéan pamadatan, da puguh tara pisan diseuseuh.

Kumaha ari geus kitu?

Ari geus kitu mah Si Utun téh ngan kantun bingung,

tinggal susah baé nu aya, da teu bisaeun balangsiar, kana dugung-dagang teu bisa, turug-turug teu aya modal, nganjuk taya nu mercaya, kana kula-kuli komo teu ngarti, naktak mundak teu kuat, éstu mutuh sagala ngawagu, sagala pugag. Ngan aya pangabisana téh sarupa, tapi pangabisa nu teu parok jeung batur, nyaéta ..... heuheulangan atawa uucingan. Upama aya hayam batur ngupuk di kebon nu rada suni, heug kapanggih ku Si Utun, geus tangtu didodoho ditéwak.

Lamun aya popoéan batur, baju atawa samping geus tara ngari, ku manéhna dipaling, komo kana sipating bubuahan atawa pepelakan mah, geus tara éra ngaranjah, mun kapanggih ku nu boga sok nyebutkeun ménta, mun teu kanyahoan mah sok samemenna baé.

Beuki lila kana pulang-palingna beuki bisa, beuki pinter baé, malah sok mindeng ngabongkar imah nu baleunghar. Ku kituna di Désa Babakan Simpang jadi harénghéng, méh unggal poé aya nu kapalingan atawa kabongkaran.

Naha atuh Si Utun téh teu ditangkep?

Ih, lain teu ditangkep, ngan tacan kapanggih baé, pinter nyumputna, da ari diihtiaran mah aya. Tua kampung jeung pulisi méh unggal peuting ngulincer, ngaronda, tapi weléh taya bubukanana.

Juragan Lurah geus pohara pusingeunana, réhing méh unggal isuk aya nu lapor yén kapalingan. Anjeunna geus ngabéwarakeun ka unggal jelema, saha-saha nu bisa nangkep Si Utun, baris diperesén duit salawé pérak.

Jelema-jelema sadésa éta, pada daraék ngaronda, pada harayang meunangkeun Si Utun, tapi weléh baé taya nu bisa manggihan, sumawonna nangkep, taya nu nyahoeun-nyahoeun acan kana panyumputanana.

Di mana atuh nyumputna éta bangsat téh?◈

KATANGKEP

Si Warji, budak angon munding Juragan Lurah téa, ayeuna mah geus gedé, geus akil balég sarta geus teu ngangon munding.

Naon sababna?

Sabab pohara dipikanyaahna ku Juragan Lurah, nepi ka dijieun jurutulis désa. Ari mundingna diangon ku budak séjén.

***

Dina hiji peuting pareng hujan ngaririncik, di Désa Babakan Simpang pohara sepina, jempling taya naon-naon.

Jelema-jelema di unggal imah kabéh geus ngararingkuk taririseun, malah réa nu geus rup-reup salaré.

Waktu harita di pakarangan Juragan Lurah di tukang, aya dua jelema tingsalingker di nu poék, tingsulumput kana dapuran salak.

Éta jelema nu saurang jangkung begang, ari nu saurang deui pendék buheukeu. Cing rék naraon éta dua jelema téh?

"Cing déngékeun euy, aya kénéh nu nyaring atawa geus harèés kabéh?" cék Si Utun ka Si Begu bari ngaharéwos.

"Ah, najan aya kénéh nu nyaring ogé, moal aya nu wanieun kaluar ti imah, sakieu nya hujan, nya tiris!" cék Si Begu.

"Hayu atuh buru-buru!" cék Si Utun.

Tuluy éta dua bangsat arindit ka kandang munding.

"Sing ati-ati, lalaunan euy ngalaan tulakna," cék Si Utun ka Si Begu.

Kolotrak! Si Begu muka tulak kandang, sanggeus beunang, tuluy arasup.

"Sabaraha hiji euy, nu rék dicokot téh?" cék Si Utun.

"Ah, dua baé, ambéh hiji séwang!" cék Si Begu.

"Kumaha mun teu katanagaan? Ah, mending hiji baé, euy, asal nu panggedéna jeung panglintuhna, nya?"

"Ah, mustahil teu katanagaan mawa munding dua siki?"

Teu kungsi lila éta dua bangsat téh geus kalaluar deui ti kandang bari narungtun munding hiji séwang, sarta terus dibawa ka nu suni.

"Ieu munding téh rék dijual atawa rék dipeuncit, dikéténgkeun laukna?" cék Si Utun.

"Ih, atuh dijual mah sarua baé jeung ngasupkeun manéh ka bui," cék Si Begu. "Maksud déwék taya lian ngan rék dijual dagingna ka pasar, dikéténgkeun sangkan teu katara. Indung déwék nu sina dagangna ka pasar, atawa dilélangkeun ka tangkulak."

"Heueuh, alus éta aturan téh, Gu!" cék Si Utun, bari kebat leumpangna muru ka panyumputan.

Kacaritakeun isukna, waktu budak angon ngalongok kandang munding, kasampak tulak kandang téh geus ngagolér dina taneuh, sarta mundingna ngan kari sarakit deui. Mimitina ku manéhna disaksrak ka sakuliah pakarangan, tapi euweuh, da puguh geus dipaling ku bangsat. Barang manéhna nénjo ka lebah juru pakarangan, manahoréng pagerna geus bolongor, direbahkeun, sarta aya

tapak munding nyareblok. Atuh gancang baé hariweus-weus unjukan ka Juragan Lurah yén munding nu pelén jeung nu sanggadulang aya nu maling.

"Ah, geus moal salah, tangtu Si Utun bangsatna," saur Juragan Lurah. "Keun sia ati-ati éta sétan téh, nepi ka wani-wani maling munding aing!"

Harita kénéh gancang Juragan Lurah jeung tua kampung katut pulisi arindit nyusul, mapay-mapay tapak munding téa. Tapi barang nepi ka sawah, tapak munding téh leungit, geus kakeueum ku cai jeung liput ku leutak. Sanajan kitu, terus baé disaksrak ditéangan ka unggal tempat, ka unggal kampung nu jarauh, tapi weléh baé teu kapanggih raratanana, ti isuk nepi ka soré téh teu puguh bubukanana nu néangan munding téh baralik léngoh baé.

***

"Aji, kumaha surat laporan nu kapalingan téh enggeus dijieun?" saur Juragan Lurah, barang anjeunna sumping ka bumina.

"Parantos, mung kantun nawis baé," walon Si Warji.

Ku Juragan Lurah suratna kotrét ditanda, sarta saurna, "Leuwih hadé ayeuna baé ku manéh sanggakeun ka kacamatan, nya! Wayahna burit-burit ogé, da puguh taya deui titaheun!"

"Mangga," cék Si Warji bari rap dangdan, jung indit gura-giru.

Demi ti Babakan Simpang ka kacamatan téh, teu wudu rada jauh, kira-kira aya lima-genep palna, katurug-turug jalanna ngaliwatan tempat anu saruni jeung maké meuntas walungan sagala. Ngan bubuhan Si Warji budak wanter tur boga sipat satria, sakitu nyorang jalan suni jeung geus burit ogé, éstuning taya pisan kasieunna.

Waktu indit ti désa nepi ka datangna ka kacamatan, berekah salamet teu nyorang halangan kitu-kieu. Tapi barang balikna, eukeur mah poék-mongkléng buta radin, katurug-turug di jalanna katinggang hujan, nu pohara ngagebrétna, atuh teu wudu baé ripuheunana, leumpangna mindeng titatarajong jeung mindeng ngapruk, bajuna jibrug jeung awakna ngahodhod kabulusan.

Barang nepi ka sisi walungan, astagah, cilaka, walungan téh geus limpas ka jalan, caina tarik pisan, geus lain peuntas-peuntasaneun.

"Beu, kumaha ieu aing nya pipetaeun?" cék Si Warji dina pikirna. "Ari balik deui ka kacamatan ngadon mondok, meureun indung aing tada teuing melangeunana, ari terus lahlahan meuntas, geus tangtu palid, da puguh cai sakitu tarikna. Ah, nya leuwih hadé cicing baé di dieu, ngadagoan orotna."

Sanggeusing mikir kitu, tuluy manéhna indit, néangan tempat nu rada tuus.

Kabeneran teu sakumaha jauhna ti jalan, manéhna manggih tangkal kai gedé, tur ayana di tempat nu rada luhur. Tuluy manéhna diuk di dinya, disasarap ku kalakay jeung dangdaunan.

Waktu Si Warji keur diuk bari mikir-mikir pilampaheun, manéhna nénjo enyay-enyay seuneu hurung dina durukan di sapeuntaseun jalan, nu anggangna kira-kira 200 léngkah ti manéhna. Gancang ku manéhna disidik-sidik bari disampeurkeun, manahoréng aya dua jalma lalaki keur saliduru.

"Alhamdulillah, tah geuning aing aya batur keueung," cék Si Warji dina pikirna bari semu bungah.

Barang leumpangna kira-kira tilu puluh léngkah deui kana nepi ka éta durukan, manéhna reg eureun bari tuluy masangkeun ceuli, sabab ngadéngé nu ngomong kieu, "Begu, saenyana urang téh pohara lalaworana, pohara

gagabahna, bet wani-wani eureun di dieu?"

"Naha, lalawora kumaha?" cék Si Begu.

"Rasa déwék, deukeut teuing ka jalan bisi aya nu nganyahoankeun."

"Ah, entong sieun-sieun, da moal aya nu wanieun lunta-lanto ka lebah dieu, jeung apan sakieu poékna tur hujan, katambah-tambah caah sakitu ngagulidagna, jadi taya petana aya jalma ti Désa Babakan Simpang nu wanieun meuntas ka dieu."

"Aéh heueuh, nya, éstu kabeneran urang meunang pangeureunan téh."

"Euy, Utun!" cék Si Begu. "Cing hayang nyaho euy, geus sabaraha duit beubeunangan urang balangsiar téh? Cing urang bilang ayeuna meungpeung salsé!"

"Hadé," jawab Si Utun. "Pék atuh hurungkeun seuneuna, ambéh rada caang meueusan."

Tuluy durukan téh ku Si Begu ditiupan, gur hurung. Geus kitu Si Utun terus muka hiji gémbolan, nu gedéna sagedé kalapa.

Ana brak dibuka, manahoréng eusina téh duit pérak jeung ringgit wungkul, mani marakbak bodas, tinggurilap kacaangan ku durukan. Terus éta duit dibilang ku duaan.

"Leuh, geus aya tilu ratus pérak punjul saringgit, euy!" cék Si Utun bari seuri.

"Naon?" cék Si Begu. "Baruk ngan tilu ratus punjul saringgit? Naha mana ari uang kertasna?"

"Ih, apan uang kertasna mah geus ditukeurkeun kana pérak, da bisi luntur ari kahujanan."

"Ah, bohong silaing mah!" cék Si Begu. "Apan duit nu beunang nyokot ti Haji Wasid ogé aya dua ratusna; ti babah Li Ang leuwih ti saratus, katambahan ku ladang daging munding tadi saratus lima puluh, jadi enggeus

opat ratus lima puluh leuwih!" ngomongna kitu téh Si Begu bari muncereng.

"Teu nyaho, da nu diampihan ku déwék mah, ngan sakieu-kieuna, mana kitu ogé meureun diampihan ku silaing sawaréh deui!"

"Ah, bisa baé silaing mah malikkeun omongan téh," cék Si Begu. "Mun dirawatan ku déwék mah atuh piraku déwék nanyakeun ka silaing?"

"Atuh da enya déwék mah teu nyaho!" cék Si Utun.

"Cing, déwék ngarampa saku silaing!" cék Si Begu.

"Hadé silaing ngarampaan awak jeung saku déwék, tapi peureup déwék asaan heula!" cék Si Utun, bari jekuk nonjok kana puhu ceuli Si Begu nepi ka ngabangkieung.

Si Begu ambekeun, gancang males nonjok kana hulu angen Si Utun. Ger baé gelut papuket; silih beubeutkeun, silih cekék, silih réngkas jeung silih tampiling.

Sanajan Si Begu leuwih jangkung batan Si Utun, tapi tanagana mah héngkér, buktina mindeng kabeubeutkeunana, tapi teu dirasa, terus ngalawan kénéh baé.

Sanggeus sawatara jongjongan gelutna, Si Begu béak tanagana, gebut dibeubeutkeun ku Si Utun nepi ka nangkuban teu bisaeun hudang deui, taksiran mah kapaéhan.

"Hayoh, sia geura ngalawan, karasa?" cék Si Utun, ngomongna ngahégak jeung sungutna nyengir bawaning ku suka. "Nya ayeuna sia modar téh!"

Sanggeus ngomong kitu, Si Begu digusur ka sisi cai.

Barang Si Warji nénjo peta Si Utun kitu, dina pikirna geus teu sak deui yén Si Begu rék dipalidkeun ka walungan. Atuh gancang baé ku Si Warji diboro, ngan sakolépat pisan Si Utun geus katéwak leungeunna terus ditalikung dikatukangkeun.

"Hayoh sia geura meta!" cék Si Warji. "Rék dikamana-

keun ku sia éta batur sia téh?"

"Saha silaing téh? Naha kumawani ngahalangan maksud déwék? Silaing téh sobat Si Begu?" cék Si Utun bari gugurinjalan hayang lésot tina panyekel Si Warji.

"Déwék lain sobat Si Begu, déwék teu wawuh jeung jurujana," cék Si Warji. "Silaing téh hayang nyaho ngaran déwék? Déwék Si Warji téa, musuh gerot silaing!"

Barang ngadéngé omong Si Warji kitu, leketey baé awak Si Utun leuleus jeung ngadarégdég, da mémang ti baheula ogé, manéhna téh taluk ari ka Si Warji mah, sabab geus nyaho kana wawanénna jeung tanagana.

"Eh, Warji!" cék Si Utun bari ngalengis. "Ampun déwék téh euy! Poma ku silaing ulah dilaporkeun; silaing ulah curuta-carita yén déwék aya di dieu. Sing karunya baé ka déwék, euy déwék téh geus pahatu lalis, teu dulur teu baraya, éstu nunggelis taya geusan salindunganeun!"

"Meugeus, tong loba ucap!" cék Si Warji. "Na dikira ku silaing déwék téh beunang disaruakeun jeung Si Begu, beunang dibawa sailon?"

"Eh, Ji! Cing sing karunya baé ka déwék, euy! Mun silaing daék nutup rasiah déwék, kop tah cokot duit tilu ratus pérak, jang silaing!"

"Boro-boro semet duit tilu ratus pérak, dalah sarébu kalieunana ogé, déwék teu sudi ngarawatan barang gelap, barang haram!" ngomongna kitu téh Si Warji bari gancang ngabarogod leungeun Si Utun ku beubeurna, nepi ka pageuh pisan.

Ari Si Begu, barang ku Si Warji disampeurkeun, bet teu empés-empés, ngajehjer kénéh baé. Tuluy ku manéhna dipangku, dipanggulkeun kana taktak Si Utun, geus kitu terus digiringkeun ka kacamatan.

Ari duit beunang maling téa, digémbol ku Si Warji, baris dijieun bukti.

Kira-kira pukul tujuh isuk-isuk Ambu Warji datang ka bumi Juragan Lurah, nanyakeun Si Warji datang-henteuna, réh sapeuting tadi taya di imah.

"Juragan, kumaha pun anak téh geus dongkap? Lah, abdi ku melang!" cék Ambu Warji.

"Embok!" saur Juragan Lurah. "Hal kamelang Embok ka Si Aji, nya moal béda ti kula, tapi kula nanggung, moal aya kitu-kieu. Taksiran kula mah terus mondok di kacamatan, réh peuting tadi hujan sakitu gedéna, taya petana bisa balik."

Kakara ogé Juragan Lurah eureun sasauranana, jebul Si Warji datang.

"Tah geuning datang! Naha maké terus meuting, euy? Silaing mah bet nyiar-nyiar pikamelangan!"

"Sumuhun, seja nyanggakeun bebendu baé," cék Si Warji. "Nu mawi teu tiasa teras wangsul wengi-wengi téh, margi kapegat caah, wantuning hujan sakitu ngagebrétna. Nanging aya untungna abdi kapegat caah téh."

Derekdek ku Si Warji dicaritakeun, ti mimiti kapegat caah, nepi ka nangkep Si Utun, sarta terus dipasrahkeun ka kacamatan.

Awahing ku bungah, Juragan Lurah, nepi ka teu tiasaeun sasauran panjang-panjang, ngan ukur nyebut ,"Sukur jeung alhamdulillah," bari nepakan pingping.

"Ayeuna ku sabab pohara bungahna, déwék rék meresénkeun duit ka silaing, Salawé pérak, jeung duit ladang munding nu beunang ngarampas ti bangsat téa, kop baé jang silaing; déwék méré mutlak."

Tadina mah Si Warji teu rék narima kana duit peresén téh, tapi ku sabab dikeukeuhan, nya teu burung ditarima. Ngan harita kénéh ogé duitna terus dibikeun ka indungna.◈